УЗЭКЪУЭТМЭ — УЛЪЭЩЩ!

1924 гъэм
жэпуэгъуэм (октябрым)
и 12 лъандэрэ къыдокI

# Черкес хэку

№24
(13789)

2023 гъэ, мэлыжьыхьым (апрелым) и 6, махуэку

Распространяется по подписке

Газета учреждена Народным Собранием (Парламентом) и Правительством Карачаево-Черкесской Республики
Газетыр къыдэзыгъэкIыр Къэрэшей-Черкес Республикэм и ЦIыхубэ ЗэIущIэмрэ (Парламентымрэ) Правительствэмрэщ

И уасэр соми 3-щ

ЗэIущIэ

## Шынагъуэншагъэр къызэгъэпэщыным

Къэрэшей-Черкес Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид и пашэу, Антитеррор комиссэм (адэкIэ АТК) зэIущIэ иригъэкIуэкIащ.

Абы хэтащ КъЧР-м и ЦIыхубэ ЗэIущIэм (Парламентым) и тхьэмадэ Иванов Александр, УФ-м и Президентым и Полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэм и Аппаратым хэт, КъЧР-м щыIэ федеральнэ инспектор нэхъыщхьэ Дральщиков Игорь, КъЧР-м и МВД-м и пашэ Мальцев Олег, КъЧР-м и гъунапкъэхъумэ Управленэм и унафэщI Самороков Андрей, республикэм и следственнэ Управленэм и унафэщI Щепкин Николай, КъЧР-м и прокурорым и къуэдзэ Бахников Санал, республикэм и военком Белобородов Сергей, хэгъуэгу МЧС къулыкъум и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Помогайбо Дмитрий, республикэм и Росгвардие Управленэм и унафэщIым и къалэнхэр зыгъэзащIэ Чомаев Эдуард, нэгъуэщIхэри.

ЗэIущIэм къыщаIэта упщIэхэм ящыщщ жылагъуэм и гъащIэмкIэ мыхьэнэ хэха зиIэ хэщIапIэхэмрэ военнэ комиссариатхэмрэ террорым щыхъума хъунымкIэ Iэмалхэр егъэфIэкIуэныр, зэманым егъэкIуныр.

**КъЧР-м и Iэтащхьэмрэ и Правительствэмрэ я пресс-къулыкъу**

Сессием къикIыу

## Хабзэхэр хъумэным

Къэрэшей-Черкесым и ЦIыхубэ ЗэIущIэм и VI зэхуэшэсыгъуэм и зичэзу 46-нэ сессиер екIуэкIащ. Парламентым и спикер Иванов Александр и унафэм щIэту лэжьа депутатхэр хэплъащ Iуэхугъуэ 18-м. Пленар зэIущIэм хэтащ Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.

2022 гъэм Къэрэшей-Черкесым и щIыналъэм хабзэ зэхэтыкIэр щыхъумэнымрэ шынагъуэншагъэр къыщызэгъэпэщынымрэ хуэунэтIауэ ирагъэкIуэкIа лэжьыгъэхэм къапэкIуахэм и гугъу ищIу, убгъуауэ къэпсэлъащ Къэрэшей-Черкесым къэралкIуэцI IуэхухэмкIэ и министр Мальцев Олег.

Сэтей къащIа щIэпхъаджагъэхэр зэрыхэхъуар проценти 2 къудейщ. А процентхэри къызыхэкIар афиянымрэ Iулъхьэмрэ япха щIэпхъаджагъэу къыщIагъэщар нэхъыбэ зэрыхъуаращ.

↗ 2




**2023 гъэм и етIуанэ илъэс ныкъуэм къыфIэрыхьэну «Черкес хэку» газетым Iэпэ щIэдзыныр едгъэжьащ.**

СКФО-м зеужь

**УФ-м и Президентым и полномочнэ лIыкIуэу СКФО-м щыIэ Чайка Юрий егъэщIылIауэ лажьэ Советым ВКС щытыкIэм иту иригъэкIуэкIа зэIущIэм хэтащ КъЧР-м и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид.**

## Хабзэм тету

КъинэмыщIауэ, зэIущIэм хэлэжьыхьащ Советым хэтхэр, СКФО-м хыхьэ хэгъуэгухэм я Iэтащхьэхэр, УФ-м ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ и министрым и къуэдзэ Ивановэ Светланэ, хэгъуэгухэм я зыужьыныгъэмкIэ Фондым и зыгъэзащIэ унафэщI Тимофеев Константин.

ЗэIущIэм щытепсэлъыхьащ ухуэныгъэм дзейуэ зи мылъку хэзылъхьэхэм я хабзэ хуитыныгъэхэмрэ хьэлэмэтхэмрэ хъума хъунымкIэ Iэмалхэр пхыгъэкIынми.

«Юрий Яковлевич и къэпсэлъэныгъэм и пэм къызэрыщыхигъэщащи, 2022 гъэм и къэпщытэжыныгъэхэм тепщIыхьмэ, апхуэдэ хабзэкъутэныгъэу къагъэхъуар процент 28-кIэ нэхъ мащIэ хъуащ», — и телеграм-каналым щитхащ ди хэгъуэгум и Iэтащхьэм.

Чайка Юрий зэIущIэм хэтахэм дяпэкIэ я лэжьыгъэр зыхуаунэтIынумкIэ унафэ щхьэхуэхэр яхуищIащ. Абыхэм ящыщщ къат куэду зэтет унэхэр щаухуэкIэ федеральнэ хабзэхэр ямыкъутэныр.

**Ди корр.**

Хэгъуэгу проектхэр

## Хэгъуэгу зыужьыныгъэм

Къэрэшей-Черкесым и Iэтащхьэ Темрезов Рэшид видеоконференц гъэпсыкIэмкIэ хэтащ хэгъуэгу зыужьыныгъэмкIэ Урысей Федерацэм и Правительствэм щыIэ комиссэм и Президиумым и зэIущIэм. Ар екIуэкIащ Урысей Федерацэм и Правительствэм и тхьэмадэм и къуэдзэ Хуснуллин Марат и унафэм щIэту.

Мы Iуэхум хэтащ Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и тхьэмадэ Аргун Мурат, Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и вице-премьер Суюнчев Мурат, Къэрэшей-Черкесым ухуэныгъэмрэ псэупIэ-коммунальнэ хъызмэтымрэкIэ и министр Семенов Ренат сымэ.

Хуснуллин Марат тригъэчынащ ухуэныгъэ кIуэрабгъум, псэупIэ-коммунальнэ, гъуэгу хъызмэтхэм илъэсым и кIэм нэгъунэ щагъэзэщIэн хуей Iуэхухэр. Апщыгъуэми, аргуэру зэ ягу къигъэкIыжащ Урысей Федерацэм и Президентым ищIа пщэрылъхэр – псэупIэ ухуэныгъэр щIэмыгъэчэн, коммунальнэ хъызмэтыр зэкIэлъыкIуэу зэманым тегъэпсыхьын, гъуэгу инфраструктурэр егъэфIэкIуэн.

ЗэIущIэм къыщаIэтащ 2023 гъэм псэупIэ зэтемыгъэпсыхьахэм цIыхухэр къыщIэгъэкIынымкIэ программэщIэм финанскIэ зэрыдащтэну мардэхэр (лимитхэр) гуэшыным епха Iуэхур.

— 2017 гъэм и щIышылэм (январым) и 1–м нэгъунэ узыщыпсэу мыхъуну къалъыта унэхэм цIыхухэр къыщIэгъэкIыныр щIэгъэпсынщIауэ зэрырагъэкIуэкIым и фIыгъэкIэ, хэгъуэгу щхьэхуэхэм яхузэфIэкIащ цIыхухэр нэгъуэщI псэупIэ гъэкуэшынымкIэ программэщIэхэр гъэзэщIэным иужь ихьэну. Нобэ штабым иубзыхуащ хэгъуэгу 14-м 2023 гъэм программэщIэмкIэ лимитхэр зэрыхуагуэшынур. Псори зэхэту финанс дэIэпыкъуныгъэр мэхъу сом мелард 22,5-рэ. ПрограммэщIэр гъэзэщIэным нэхъ пасэу иужь ихьа хэгъуэгухэм мы гъэм яхыхьэнущ иджыри хэгъуэгуитху – Адыгэ Республикэр, Къалмыкъыр, Камчаткэ крайр, Астрахан, Воронеж областхэр. Къахьа унафэм лъэкIыныгъэ къаритынущ 2022 гъэм и щIышылэм и 1-м нэгъунэ ущыпсэу мыхъуну къалъыта псэупIэ метр зэбгъузэнатIэ мин 418,8–м цIыхухэр 2023 гъэм къриубыдэу къыщIагъэкуэшыкIыну. Апхуэдэу щыхъукIэ, цIыхухэм я нэхъыбэм ягъуэтынущ псэупIэ тынш, — жиIащ Хуснуллин Марат.

Промышленностым зегъэужьыным и Илъэсым

## Промышленностым дэIэпыкъун

КъЧР-м и Правительствэм и Унэм щызэхэтащ социально-гуащIэдэкI зэхущытыкIэхэр зегъэкIуэнымкIэ республикэм щыIэ лъэныкъуищ комиссэм и зэIущIэ. Ар иригъэкIуэкIащ Къэрэшей-Черкесым и Правительствэм и вице-премьер, Правительствэм къыбгъэдэкIыу комиссэм и Iуэхухэр зэзыгъэзахуэ Гербековэ Иринэ.

КъаIэтащ республикэм и промышленностым зегъэужьыным и Илъэсым ипкъ иту, Къэрэшей-Черкесым и промышленностым зэрыдэIэпыкъуну Iэмалхэм ятеухуа упщIэхэр.

Абы къинэмыщIауэ, и гугъу ящIащ хыхьэхэкI цIыкIумрэ курытымрэ ящхьэпэн папщIэ хьэкълыкъхэр къызэрыхадзыр нэхъ гурыIуэгъуэ, тынш щIыным, Урысей Федерацэм щыпсэу цIыхухэм лэжьапIэ къахуэгъуэтынымкIэ щыIэ Федеральнэ хабзэм зэхъуэкIыныгъэ хэлъхьэным.

Убгъуауэ доклад къащIащ Къэрэшей-Черкесым промышленностымкIэ, энергетикэмрэ транспортымрэкIэ и министрым и пщэрылъхэр зыхь Гапов Мурат, экономикэ зыужьыныгъэмкIэ министрым и пщэрылъхэр зыгъэзащIэ Езауэ Артур, Къэрэшей-Черкесым и промышленникхэм, хыхьэхэкIхэмрэ лэжьапIэтхэмрэ я Союзым и президент Тамбиев Iэбубэчыр, Къэрэшей-Черкесым и профсоюз организацэхэм я республикэ зэгухьэныгъэм и унафэщI Айбазовэ Раисэ, Къэрэшей-Черкесым финансхэмкIэ и министр Камышан Вадим, Къэрэшей-Черкесым и федеральнэ хьэкълыкъ къулыкъум и унафэщIым и къуэдзэ Тэмазэ Фатимэ, цIыхухэм лэжьапIэ къахуэгъуэтынымкIэ къулыкъум и Управленэм и унафэщI Къумыкъу Хъызыр сымэ.

**ДЭБАГЪУЭ Хьэтызэ**

СВО — псапащIэ

## ЗыхуэныкъуэмкIэ зыщIагъакъуэ

Езыхэм я зэхэщIыкIкIэ, я арэзыныгъэкIэ СВО-м хэт, Къэрэшей-Черкес Республикэм икIа къэзакъ зауэлIхэм куэд мыщIэу яIэрыхьэнущ зэуапIэм къыщагъэсэбэпыну техникэ.

«ЗауэлIхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ Зыуэ щыт республикэ штабым къыбгъэдэкIыу, Баталпашинск къэзакъ къудамэм и атаман Дедук Валерий къэзакъ-зауэлIхэм спецтехникэ яхуиутIыпщащ икIи ар куэд мыщIэу яIэрыхьэнущ зауэлI къалэнхэр ди къэралым и хэгъуэгущIэхэм щызыгъэзащIэ къэзакъхэм», — щыжаIащ КъЧР-м и Правительствэм.

Фигу къэдгъэкIыжынщи, ипэкIэ, хэгъуэгум и Iэтащхьэм и дэIэпыкъуныгъэкIэ Къэрэшей-Черкесым сом мелуани 3 щызэхуахьэсащ «Всё для Победы!» зи фIэщыгъэцIэу ирагъэкIуэкIа телемарафоным и фIыщIэкIэ. А ахъшэмкIэ Iэщэ-фащэ, спецтехникэ зэмылIэужьыгъуэхэр, ерыскъыхэкIхэр къащэхуащ.

**ТУАРШЫ Ирэ**

ФIыщIэ тхылъ

**КЧР-м и Правительствэм и Унэм щагъэлъэпIащ социальнэ IэнатIэхэм пэрытхэмрэ жылагъуэ организацэхэм я лэжьакIуэхэмрэ.**

## Я лэжьыгъэфIым къыпэкIуэу

Зауэ операцэ хэхам хэтхэмрэ абыхэм я унагъуэхэмрэ дэIэпыкъуныгъэ ягъэгъуэтынымкIэ зэдэлэжьэныгъэ гъерэтыфIэ дапщэщи яку зэрыдэлъым икIи жыджэру я граждан бгъэдыхьэкIэр къызэрагъэлъагъуэм папщIэ, ФIыщIэ тхылъхэмкIэ я цIэ къраIуащ:

— Ныкъуэдыкъуагъ зытелъ зауэлIхэм я «ВоИн» Урысейпсо жылагъуэ организацэм и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI Жданов Геннадий;

— «МыВместе» оперативнэ штабым и хэгъуэгу къудамэм и унафэщI ХьэкIырэ Ася;

— КъЧР-м щыIэ Урысейпсо ЦIыхубэ фронтым и гъэзэщIакIуэ комитетым и унафэщI Каппушевэ Людмилэ;

— Зеленчук районым «ЦIыхухэм социальнэ хуэIухуэщIэхэр яхузэфIэхынымкIэ Купсэ»-м (ЦСОН) и координатор Чагаров Мурат;

— Адыгэ-Хьэблэ районым «ЦIыхухэм социальнэ хуэIухуэщIэхэр яхузэфIэхынымкIэ Купсэм» и етIуанэ къудамэм и унафэщI Джанкулановэ Зулетэ сымэ.



ФIыщIэ тхылъ ХьэкIырэ Ася хуагъэфащэ

**ЛЫХЬ Тимур**

Къулыкъу Iуэхухэр

## Гъатхэ дэшыгъуэм теухуауэ

Мэлыжьыхьым (апрелым) и 3-м Къэрэшей-Черкес Республикэм и военнэ комиссар Белобородов Сергей гъатхэ къулыкъу дэшыгъуэ кампанэм къытепсэлъыхьщ.

— Мы гъэм гъатхэпэм (мартым) и 30-м УФ-м и Президент Путин Владимир Iэпэ зыщIидза Унафэм ипкъ иту, мэлыжьыхьым (апрелым) и 1-м ирагъэжьащ гъатхэ къулыкъу дэшыгъуэ кампанэр. Ар ди хэгъуэгум щекIуэкIынущ мэлыжьыхьым и 1-м щегъэжьауэ бадзэуэгъуэм (июлым) и 15-м нэгъунэ.

Урысей Федерацэм псори зэхэту мини 147-рэ къулыкъум дашынущ. Абы щыщу нэрыбгэ 300-м щIигъу Къэрэшей-Черкес Республикэм икIынущ, — жиIащ республикэм и военкомым.

Белобородов Сергей журналистхэм я упщIэхэм жэуап иритащ.

**— Нэхъыбэу сыт хуэдэ дзэхэра ди щIалэхэм къулыкъу здыщащIэнур?**

— Къару Узэдахэм и дзэ пакIэ псоми къулыкъу щащIэнущ, здыхэхуэм елъытауэ. Абы къинэмыщIауэ, МЧС-м, Росгвардием къулыкъу щащIэнущ.

**— Мы гъэм электроннэ повесткэхэр къагъэсэбэпын щIадзэну?**



— Электроннэ повесткэхэр къулыкъум дашынум хурагъэхьыным теухуа федеральнэ хабзэм иджыри къару игъуэтакъым, ауэ дяпэкIэ апхуэдэ Iэмалми деплъынущ.

↗ 2

Полиомиелитым пэщIэту

**Къэрэшей-Черкес Республикэм щыщIадзащ полиомиелитым пэщIэт вакцинацэм и етIуанэ къекIуэкIыгъуэр. Ар мэлыжьыхьым (апрелым) и 9-м нэс екIуэкIынущ. Вакцинацэм и купщIэр — сабий нэхъыбэм иммунитет быдэ къахуэгъэушын, уз зэрыцIалэм щыхъумэнращ. Мастэр халъхьэнущ илъэси 3-9 зи ныбжь сабийхэм.**

## Iуэхум пащэ

КъЧР-м и Минздравым вакцинэ зэхуэмыдэхэр зыIэригъыхьащ. Апхуэдэщ «оральная полиомиелитная», «инактивированная полиомиелитная», «Пентаксим» лIэужьыгъуэхэр. Республикэм и къалэ, къуажэ къэс щыIэ курыт еджапIэхэм, сабий IыгъыпIэхэм, медицинэ IуэхущIапIэхэм вакцинацэ пунктхэр къыщызэIуахащ.

ЕджапIэхэм деж сабийхэм я шынагъуэншагъэ Iэмалхэр щызэтрагъэпсыхьащ. Апхуэдэу, полиомиелит вакцинэр зыхалъхьахэмрэ ар зэзымыхьэлIахэмрэ зэпэщхьэхуэу ирагъэджэнущ. Апхуэдэ щытыкIэм и лъабжьэщ КъЧР-м и Роспотребнадзорым и Унафэр. Еджэныр зэрызэкIэлъыкIуэм я нэIэ трагъэтынущ пэщIэдзэ классхэм я егъэджакIуэхэмрэ еджапIэ администрацэхэмрэ.

Вакцинацэм и япэ къекIуэкIыгъуэр мы гъэм мазаем (февралым) и 27-м щIидзэри гъатхэпэм (мартым) и 5-м зэнагъэсащ. СКФО-м и хэгъуэгухэм ящыщу КъЧР-м вакцинацэ кампанэр нэхъыфI дыдэу зэфIигъэкIащ.

Вакцинацэм ехьэлIа упщIэ зиIэм **«горячая линия»-м** зыхуигъазэ хъунущ: **8-8782-20-44-83; 8-8782-26-67-18; 8-8782-26-25-38.**

**ШЫБЗЫХЪУЭ Ирэ**

УхуэныгъэщIэхэр

## Iуэхухэр зэлъыщIагъыхьэ

**Зеленчук станицэм щаухуэ ФОК цIыкIур куэд мыщIэу яухынущ.**

Ар Къэрэшей-Черкесым и юбилей илъэсым ехъулIэу ящIын ирагъэжьа, зы гъэпсыкIэм ит ухуэныгъэ объектищым языхэзщ. Апхуэдэ ФОК-хэр дэтщ Учкулан, Сары-Тюз къуажэхэми.

Метр зэбгъузэнатIэ 1000-м нэс спорткомплексыр къатитI мэхъу. Абы иIэщ оборудованэхэмкIэ къызэгъэпэща залитI: универсальнэр (метр 24х14), тренажерхэр зыщIэтыр.

НобэкIэ электрокъарур ирашэлIагъэххэщ, и кIуэцIымрэ и гупэмрэ пыщIа лэжьыгъэхэр зэфIагъэкI икIи Iэгъуэблагъэр къызэрагъэпэщ: тетIысхьэпIэхэр ягъэув, уэздыгъейхэр ирагъэтIысэкI.

ЗэрыхуагъэфащэмкIэ, лэжьыгъэхэр зэлъыщIагъыхьэнущ 2023 гъэм и накъыгъэ (май) мазэм.

## IуэхущIапIэхэм елэжьынущ

**«Узыншагъэр хъумэнымкIэ пэщIэдзэ звенор зэманым тегъэпсыхьын» проектым ипкъ иту, ди республикэм щаухуэнущ икIи капитальнэу щызэрагъэзэхуэжынущ узыншагъэр хъумэным ехьэлIа IуэхущIапIэ тIощI.**

А проектым и фIыщIэкIэ IуэхущIапIэ 16 щащIынущ: Орджоникидзе жылагъуэмрэ Зеикъуэ къуажэмрэ дохутыр амбулаторэхэр, Курджиново, Пригороднэ, Ильичевкэ, Садовэ, Уарп, Пристань жылагъуэхэм, Хъурзыгу, Грушкэ, Тэпэнтэ къуажэхэм, Фроловскэ къутырым щIэуэ къыдэувэнущ фельдшер-акушер пунктхэр.

КъинэмыщIауэ, зи гугъу тщIа хэгъуэгу проектым и хэкIыпIэхэр къагъэсэбэпкIэрэ, капитальнэу зэрагъэзэхуэжын я мурадщ Инжыдж-КIыкIун къуажэм дэт, Абазэ районым и поликлиникэ нэхъыщхьэр, Куэш-Хьэблэ къуажэм и дохутыр амбулаторэр, Усть-Жэгуэтэ районым и сымаджэщ нэхъыщхьэм и къудамэхэу Важнэ жылагъуэмрэ Жэгуэтэ къуажэмрэ дэтхэр.

**АБЫКЪУ Къамырзэ**